



Pou Piblikasyon Imedya: 03/10/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE VENKÈ GRAN PRIM 1 MILYON DOLA 43NORTH LAN

SparkCharge Ranpòte Gran Prim 1 Milyon Dola a nan Konpetisyon Jèn Konpayi 5 Milyon Dola a

8 Meyè Finalis yo te Rekonpanse Pami 485 Jèn Konpayi an Total Ki T'ap Rivalize yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a SparkCharge kòm venkè gran prim 1 milyon dola a pou senkyèm konpetisyon 43North anyèl lan. Yo te anonse ywit meyè finalis nan konpetisyon jèn konpayi pou 5 milyon dola yo nan yon seremoni prim nan Buffalo aswè a. Pou senkyèm ane konsekitif, 43North te bay ywit jèn konpayi ki soti toupatou nan mon lan yon total 5 milyon dola nan prim lajan kach yo, espas enkibatè gratis nan Buffalo pou yon ane, oryantasyon mantò yo ak aksè a lòt pwogram rekonpans pou biznis yo.

“Konpetisyon 43North la te fè Buffalo tounen yon destinasyon ki antèt pou kèk nan meyè ak antreprenè ki pi entèlijan sou planèt la”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen fyè pou m akeyi tout gayan inovatif 2018 43North sa yo epi m ap tann ak enpasyans pou m wè pwojè yo an aksyon, pou pote plis enèji nan ekonomi Rejyon Lwès New York.”

“N ap kontinye ak elan inovasyon an ak konpetisyon 43North la ke yo rekonèt sou plan entènasyonal ak Faz 5 nan prim yo, epi mwen vle felisite tou gayan yo”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki te fè anons lan jodi te di.** “Konpetisyon 43North plan biznis atire meyè ak aspiran antreprenè ki pi entèlijan nan mond lan nan Buffalo, pandan l ap alimante rejyon Lwès New York.”

Venkè Konpetisyon 43North 2018 lan se:

SparkCharge - Vil Natal: Syracuse, New York - Gayan pri 1,000,000 dola

SparkCharge ofri yon aparèy rechaj machin pòtatif ki piti, sipè rapid, epi li modilè. Puiske chajè SparkCharge yo kopak, yo ka livre yo bay yon pwopriyetè EV sou demann pa Uber, Lyft oswa AAA. Sa kreye yon enfrastruktir rechaj mobil sou demann k ap pèmèt pwopriyetè machin elektrik yo fè machin yo chaje byen vit nenpòt kote.

Forsake - Vil Natal: Boston, Massachusetts - Gayan pri 500,000 dola

Forsake kreye bagay pou pye pou tout sezon pou vwayaje ak pou avanti. Objektif yo se pote yon pi wo nivo vèsatilitè pou pye w, epi pwodui yo konbine teknoloji eksteryè, konstwiksyon solid, ak estil vèsatil. Pwodui pou pye Forsake yo jwenn enspirasyon li nan montay epi chose moun pou tout okazyon.

HiOperator - *Vil Natal: San Francisco, California* - **Gayan pri 500,000 dola**
HiOperator ofri sèvis kliyan antanke sèvis. Yo ede konpayi yo simonte difikilte klasik sèvis kliyan gras ak yon konbinezon otomatik, teknoloji ak moun ekstrawòdinè.

Immersed Games - *Vil Natal: Gainesville, Florida* - **Gayan pri 500,000 dola**
Immersed Games ede pwofesè aprantisaj pratik, Syans Lòt Jenerasyon ak yon jwèt videyo. Jwèt la, ki se Tyto Online, devlope syans ak konpetans teknik ak eksperyans etidyan tankou rezoud pwoblèm yon espès ki envazif, konstwi ekosistèm, ak fè elvaj dragon. Pwofesè yo bay kontni ki aliyen ak estanda yo epi resevwa evalyasyon elèv yo sou baz jwèt.

Kickfurther - *Vil Natal: Boulder, Colorado* - **Gayan pri 500,000 dola**
Kickfurther se premye envantè platfòm kominotè nan mond lan kote nenpòt moun ka sipòte kwasans mak yo renmen.

LegWorks - *Vil Natal: Buffalo, New York* - **Gayan pri 500,000 dola**
LegWorks se yon antrepriz sosyal k ap revolisyone aksè pwotèz gwo kalite pou anpite yo. Yo kwè ke chak anpite, kèlkeswa kote y ap viv, gendwa pou mache ak konfyans nan tèt li. Yo fè konseksyon, fabrike ak distribye teknoloji pwotèz patante ki inovan, epi yo sèvi ak yon modèl pri ak nivo pou sèvis pasyan mondyalman.

Magnusmode - *Vil Natal: Waterloo, Ontario* - **Gayan pri 500,000 dola**
Magnusmode mobilize teknoloji mobil pou ede moun ki gen otis ak bezwen konyitif espesyal viv ak plis enklizyon epi endepandans. Pwodui prensipal konpayi a, MagnusCards, ede moun patou nan mond lan aprann konpetans lavi (eg. fè manje, vwayaje, swen pèsonèl) gras ak patenarya ak kliyan k ap pwodui kontni tankou Colgate, CIBC, A&W, ak Toronto Pearson Airport.

NaturAll Club - *Vil Natal: Philadelphia, Pennsylvania* - **Gayan pri 500,000 dola**
NaturAll Club sèvi ak teknoloji manje pou ofri premye pwodui pou cheje sou mache a ki fèt ak engredyan fre tankou grenn zaboka, krèm bannann ak kokoye. NaturAll Club konekte kliyan ak pwodui pou cheve kòrèk la pandan y ap sèvi ak yon tès alorit sou sit Komès elektwonik li a: NaturAllClub.com.

Faz final lansman an aswè a se kilminasyon senkyèm konpetisyan anyèl 43North la, yon pwosesis aplikasyon ak jijman ki te kòmanse an Mas. 18 ekip finalis yo te vin triye redwi a 10 konpayi, ki te vanse epi prezante devan sèt jij ekspè ki te an dènye lye detèmine venkè 2018 43North yo.

Jij ekspè 43North yo gen pami yo:

- Aashish Tripathi, Ko-fondatè ak Chèf Biznis pou Espas Lansman Amazon nan
- Arturo Nuñez, Fondatè AIE Creative
- Chris Heivly, Ko-fondatè MapQuest

- Deborah Quazzo, Patnè Administrasyon GSV AcceleraTE
- Mahala Burn, PhD, bioMérieux
- Rochelle Stewart, Konseye pou Laboratwa Inovasyon Milti-Kiltirèl Morgan Stanley
- Woody Benson, Pwofesyonèl teknik ak envantè

Prezidan Konsèy 43North la Eric Reich te deklare, “Aswè a demontre yon demonstrasyon enkwayab validasyon ki kontinye pou angajman anvè kalite kandida nou yo ki nan konpetisyon nou an. Mwen ta renmen felisite ywit (8) gwo venkè nou yo, espesyalman SparkCharge, ki se venkè gran prim nou an. Nou ap akeyi yo nan Buffalo”.

Prezidan 43North la Alex Gress te deklare, “Kominote a soti anfòs aswè a pou sipòte 8 nan nouvo jèn konpayi ki pral kòmanse vwayaj yo nan Buffalo. Se ak anpil emosyon ke mwen te anime final aswè a epi mwen felisite tout gayan ak finalis yon evènman ki espesyal konsa”.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zemsky, te deklare, “Rejyon Lwès New York kontan akeyi epi felisite gayan remakab 43North ane sa a, ki gras ak prezantasyon eksitan epi inovan yo te pèmèt yo vin rejwenn gwoup k ap kontinye grandi jèn konpayi ki genyen epi k ap montre mond lan nan ki fason Buffalo ankadre reyisit antreprenaryal”.

John R. Koelmel, Prezidan Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) ak lidè biznis Buffalo te deklare, “NYPA fyè sibvansyone konpetisyon ekstrawòdinè sa a ane apre ane epi nou felisite gayan 2018 yo ke nou konnen ki pral fè pati pa yo pou kontribye nan lespri antrepriz k ap grandi la a nan Buffalo antanke pwochen gwoup la”.

Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Rejyon Lwès New York (Western New York Regional Economic Development Council) e Prezidan SolEpoxy Inc., Jeff Belt, te deklare, “Gras ak Gouvènè Cuomo ak 43North Rejyon Lwès New York ap grandi repitasyon li pou tounen yon pwèn cho eksitan, abòdab pou antreprenè serye. Nou felisite gayan ane sa a ki pral rejwenn yon gwoup divès jèn konpayi ki kanpe ak sa ki pral kòmanse ki fokalize sou konstwi biznis ak anlwa pou avni a”.

Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Rejyon Lwès New York lan epi Prezidan State University of New York nan Fredonia, Dr. Virginia Horvath, te deklare, “Konpliman pou gayan konpetisyon 43North ane sa a. N ap tann ak enpasyans pou akeyi w nan Rejyon Lwès New York kote w pral tounen yon pati vital pami kominote jèn konpayi k ap grandi yo”.

Enfòmasyon sou 43North

43North se konpetisyon jèn antrepriz 5 milyon dola, ki ap bay rekonpans lajan kach bay kèk nan pi bon antreprenè ak jèn antrepriz yo ki soti toupatou nan mond lan. Gayan 43North yo pral resevwa espas enkibatè gratis nan Buffalo pou yon ane, gid ak ankandremman konseye ki nan domèn ki gen rapò a domèn pa yo a, ak aksè a pwogram prim ankourajman yo tankou pwogram START-UP NY la. 43North fonksyone gras a sipò inisyativ Buffalo Billion Gouvènè Andrew Cuomo a, ak sibvansyon Otorite Enèji

New York ak Empire State Development yo. Nou jwenn sipò adisyonèl nan men plizyè lòt esponsò. Pou plis enfòmasyon sou 43North, vizite www.43north.org.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)